



Lakou Dèyè e Pi Lwen

5 Jan pou Selebri Joun Latè Chak Jou

Nan Mize Discovery, nou kwè ke timoun ak fanmi yo pase tan deyò de sa e ogmante lanmou yo pou la nati, y'ap pran etap ki enpòtan pou yo vinn konnen bagay sou pwoblèm ki enpakte mond natirèl lan, ki enkli soutenans ak chanjman klima.

Men 5 jan ke nou selebri Jounen Latè chak jou e konekte a mond natirèl lan kèlkeswa kote ou ye:

1. **Vinn yon obsèvatè.** Ale deyò e sèvi ak sans ou pou kapab fè sans obsèvasyon'w pi bon. Konbyen pye bwa ki genyen nan katye'w? Ki son ke ou tande lè ou nan lakou'w? Eseye [Lachas nan la Nati](#), oubyen pou yon defi ki plis, gade ki [Modèl nan la Nati](#) ou kapab jwenn. (Jwenn nan <https://www.discoveryacton.org/education/discovery-home>)



2. **Kolekte done.** Kreye yon senp [Jounal La Nati](#) pou kapab genyen pandan ke ou eksplòre lakou dèyè lakay ou oubyen katye'w. Eske ou kapab sèvi ak jounal la nati pou pratike ekri sou oubyen desine obsèvasyon'w. Chak fwa ke ou obsève e rapòte detay tankou nimewo, koulè, oubyen gwosè, ou swiv yon pwèn nan done! Kenbe yon jounal la nati kapab ede'w wè si gen chanjman nan done yo apre yon tan. (Jwenn nan <https://www.discoveryacton.org/education/discovery-home>)

3. **Cheke sou diferans an tan ak klima.** Pati ki enpòtan pou kòmanse konprann chanjman klima se konnen diferans ant tan ak klima. Bon [videyo sa](#) de zanmi nou nan NASA kapab ede'w pou panse sou relasyon ant yo de. (<https://climatekids.nasa.gov/weather-climate/>)



4. **Vinn yon Sitwayen Syantis!** Vizite sit entènèt [GLOBE Observer](#) oubyen [SciStarter](#) pou ide sou kijan ke ou kapab ede yo bay done an sipò de rechèch klima. (<https://observer.globe.gov/> ak <https://scistarter.org/>)

5. **Redwi, resèvi, ak lòt aksyon de tou lè jou.** Kounye a plis ke jamè, nou bezwen pale pou solisyon ki gwo an abisywe pou adrese efè chajman klima. An menm tan, li enpòtan pou kontinye pratike aksyon endividyèl, chak jou pou redwi enpak sou anviwonman. Kontinye etenn limyè an lè ou kite yon chanm oubyen fèmen pòt lan lè w'ap brose dan'w. Kontinye sèvi ak boutèy dlo ki kapab resèvi oubyen kontenè manje olye de opsyon pou sèvi yon fwa oubyen pou voye jete. Kòman ke ou se yon avoka pou anviwonman oubyen klima nan la vi de tou lè jou?